

Pou tout moun ki prete iPad nan men DOE, nou gen kèk nouvo enfòmasyon pou ou. Li enpòtan pou pran aksyon nou mete pi ba yo pou asire iPad pitit ou a pare pou l itilize lè lekòl rekòmanse. Se kèk jou sèlman ki rete pou lekòl rekòmanse, epi tout elèv pral travay adistans pou omwen kèk jou pa semèn. Pitit ou a ap bezwen iPad li a pou li pare pou aprantisaj pou otòn lan. Tanpri konnen lè nou gen lòt mizajou, n ap voye mesaj pou ou ak nan iPad ou a lè Jedi, epi n ap mete lekòl ou a okouran mizajou yo.

Pou prepare, ou DWE:

- **Limèn ipad ou a** - gen kèk iPad ki pa janm limen pandan tout ete a. Nou bezwen pou mete iPad la pran chaj epi limen l.
- **Mete li sou Airplane Mode on ak off** pou reajiste koneksyon entènèt ou
 1. Ale nan Settings
 2. Chèche bouton Airplane lan
 3. Mete Airplane Mode on pou dis segond (bouton an ap vin koulè vèt)
 4. Mete Airplane Mode lan on ak off epi tann jiskaske iPad la rekonekte nan entènèt
 5. W ap wè icon konekte a anlè ekran an
 6. Ale nan schools.nyc.gov pou asire ipad la konekte nan entènèt - tout iPad DOE prete yo gen aksè nan entènèt.
- **Retounen nan ekran prensipal la epi ale nan Zscaler** pou ka asire pitit ou a ap itilize entènèt avèk tout sekirite DOE egzijè yo ak pou pwoteje pitit ou a. W ap bezwen @nycstudents.net pitit ou a. Depi w fin jwenn li, tanpri suiv eksplikasyon sa yo:
 1. Nan ekran prensipal la, klike sou icon Zscaler a. Lè w fin klike icon lan, paj login lan ap parèt.
 2. Antre kont @nycstudent pitit ou a (itilize non itilizatè ak modpas pitit ou a sèlman, ou pa bezwen mete @nycstudents pou log in), apre klike bouton "sign in" lan.
 3. Klike bouton "allow" epi tann yon minit pou koneksyon an fèt jiskaske ou wè ekran Zscaler a
 4. Depi koneksyon an fin fèt, fèmen app la
 5. Se tout sa w gen pou fè. Ou ka itilize iPad la nòmalman kounye a.
- **Siyen nan Learn at Home App** Pou pare pou premye jou lekòl la, fè koneksyon nan aprantisaj ak sipò pi fasil pou pitit ou a (ak pou ou tou!), epi pèmèt yo resevwa avi nan iPad la:
 1. Jwenn icon Learn at Home lan nan ekran prensipal iPad la
 2. Log in menm jan ou te fè pou Zscaler a, itilize menm kont @nycstudents.net lan (itilize non itilizatè ak modpas pitit ou a sèlman, ou pa bezwen mete @nycstudents pou log in)
 3. Apati app Learn at Home pitit ou a ka gen aksè nan TeachHub, Google Classroom ak jwenn èd.

Bòn nouvèl!

iPad pitit ou a kounye a se yon hotspot ki pèmèt ou konekte lòt aparèy ou itilize pou aprantisaj adistans nan entènèt. Sa fasil:

- Ale nan Settings
- Chèche Personal Hotspot epi klike pou ale nan ekran pou login lan
- Chwazi Allow Others to Join
- Ou ka ajoute aparèy lòt elèv lakay ou ap itilize pou aprantisaj adistans nan koneksyon sa a

Kòm yon rapèl, menm jan pou iPad la, se pou aksè nan aktivite aprantisaj adistans sèlman pou itilize koneksyon hotspot la. Li entèdi pou itilize l yon fason ki pa apwopriye.